

**Tata Pangibadah Brayat**  
**Minggu, 13 September 2020**  
**GKJ Rewulu**

**PATUNGGILAN INKGANG SAMI APURA-INGAPURA**  
*(Pasamuwan Jumeneng)*

P2 : Pasamuwan ingkang kinasih, kanthi bingah lan kebaking pangajeng-ajeng sumangga kita sesarengan nyatunggilaken manah kita wonten ing pangibadah brayat punika, ngraos-ngraosaken katresnan lan pangandikanipun Gusti kanthi jejer : *“Patunggilan Inkgang Sami Apura-Ingapura”*. Mugi Roh Suci nyagedaken kita mujudaken patunggilan ingkang kebak welas asih, sami apura-ingapura. Mila sumangga kita nyawisaken manah kita kanthi lumebet wonten ing wekdal ening. Wekdal ening kangge kita sedaya.

*(wekdal ening sakwetawis)*

**Votum lan Salam**

P1 : Sumangga pangibadah punika kita sengker kanthi pengaken : Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi punika tukung pitulungan kita. Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus wonten ing panjenengan (kula) sadaya. Amin.

**Kidung Pambuka**

**KPJ 59:1-2 KPJ 59 PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH**

1. Pinujia tansah Allah Mamirah,  
kang gung tresna nira mring salir titah.  
Tyang dosa duraka sinung apura,  
tinebus sing pati temah basuki  
Reff:  
Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta!  
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.  
Pasrah maring Allah srana pracaya  
margining waluya tentrem raharja.

2. Pinuji slaminya Allah Matresna,  
kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar,  
nuntun mring pitobat srana sih-rahmat,  
mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci.  
Reff:  
Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta!  
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.  
Pasrah maring Allah srana pracaya  
margining waluya tentrem raharja.

### **Pangakening Dosa**

P1 : Pangandikanipun Gusti Bab Katresnan saking Mateus 6:14-15 ingkang mekaten :”*Sabab, manawa kowe padha ngapura kaluputaning wong, Ramamu ing swarga iya bakal ngapura marang kowe. Nanging manawa kowe ora ngapura marang wong, Ramamu iya bakal ora ngapura kaluputanmu.*”

Para sadherek kekasihipun Gusti, srana migatosaken pangandikanipun Gusti punika, cetha sanget anggen kita boten saged nindakaken katresnan kanthi sampurna, Punika nedahaken karingkihan kita minangka manungsa dosa. Pramila sumangga kita sowan Gusti ngakeni tuwin nelangsani dosa kita, kanthi pandonga pribadi. (P1 mungkasi kanthi pandonga)

### **Kidung Panelangsaning Dosa**

#### **KPJ 58:1-2 PANGLUWAR KANG SEJATI**

1. Pangluwar kang sejati, myarsakna pasambat kula.

Gusti mugi ngresiki manah kula sadaya.

Reff:

Gusti mugi rah Paduka nucekken manah kawula  
temah suci saestu wah sirna najis ing kalbu.

Suci sestu, suci sestu,

temah suci saestu wah sirna najis ing kalbu.

## 2. Pangluwar kang sejati, paringa kiyat mring kula;

setya ing lampah suci, ngetut wingking Paduka

Reff:

Gusti mugi rah Paduka nucekken manah kawula

temah suci saestu wah sirna najis ing kalbu.

Suci sestu, suci sestu,

temah suci saestu wah sirna najis ing kalbu.

## Atur Pisungsung

P2 : Sumangga kita sami ngaturaken pisungsung dhumateng Gusti, kita dhasari pangandikanipun Gusti ingkang sinerat wonten ing **I Babad 29:14** ingkang mekaten : *“Amargi sinten ta kawula punika saha punapa ta bangsa kawula punika, dene kawula sami saged ngunjukaken pisungsung manasuka kadosdene sapunika punika? Awit saking Paduka pinangkanipun samukawis sadaya saha inggih saking asta Paduka piyambak pinangkanipun pisungsung ingkang sami kawula unjukaken dhumateng Paduka punika.”*

Kempaling pisungsung, sinarengan repeking **KPJ 184 SUKUR AKANTHI TULUS**

## KPJ 184 SUKUR AKANTHI TULUS

### 1. Sukur akanthi tulus. Sukur Kang Mahasuci.

Sukur rahmat kang agung, Panebus kita.

Sukur akanthi tulus. Sukur Kang Mahasuci.  
Sukur rahmat kang agung, Panebus kita.  
Mangkya kang ringkih dadya rosa;  
kang miskin dadya sugih.  
Sihé Gusti dadya nyata, yekti.  
Mangkya kang ringkih dadya rosa;  
kang miskin dadya sugih.  
Sihé Gusti dadya nyata yekti. Sukur!

## **Pandongan Pisungsi lan Panampi Sabda (P2)**

### **Peladosan Sabda**

P1 : (Maosaken **Mateus 18:21-35**)  
“Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang sami mirengaken  
Pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken, HALELUYA!”  
U : (*menyanyikan*) Haleluya 12x

### **Wedharing Sabda**

#### **PATUNGGILAN INKGANG SAMI APURA-INGAPURA Matius 18:21-35**

“Dipunampi kanthi *legawa!*” Asring panjenengan mireng utawi ngendika bab punika dateng tiyang sanes. Napa toh tegesipun legawa? Miturut Kamus Pepak Basa Jawa (Slamet Mulyono, 2008), *legawa* tegesipun “**ikhlas, rila**”. Tembung punika asring dipunaturaken nalika wonten tiyang ingkang ngadhepi perkawis gesang ingkang awrat, ngraosaken kaprihatosan gesang, ugi mbok menawi nampi pacoben wonten ing gesangipun, lajeng kita utawi tiyang sanes matur kanthi tembung “*mbok sampun dipuntampi kanthi legawa mawon*”. Ancasipun nggih punika supados kita utawi tiyang sanes ingkang ngadhepi perkawis utawi kaprihatosan punika saged nampi kanthi ikhlas utawi rila. Mirungganipun legawa nalika kita ngadhepi tiyang sanes ingkang sikapipun punika mboten sae dateng kita. Ananging asringipun manungsa punika mboten saged legawa utawi nampi kanthi ikhlas anggenipun nglampahi gesang ingkang kathah perkawis punika. Langkung-langkung nalika kita ngadhepi tiyang sanes ingkang sikapipun mboten sae dateng kita lan ndamel tatu wonten ing manah

kita. Kita gadahi pepengenan supados saged mbales. Menawi saged mbalesipun punika langkung ageng tinimbang ingkang dipuntindakaken tiyang sanes dateng kita. Kita dereng saged nampi sedaya punika kanthi legawa, nggih salah setunggalipun legawa kanthi ngapunteni.

Wonten waosan kita ugi nelakaken piwulangipun Gusti Yesus bab ngapunteni. Kedahipun umatipun Gusti punika saged kanthi legawa ngapunteni tiyang sanes. Awit ngapunteni punika tan winates, karana katresnan punika ugi tan winates, sabar punika ugi tan winates. Bab punika ingkang dados pitakenan Petrus dateng Yesus Kristus : **“Gusti, menawi sadherek kawula gadhah kalepatan dhateng kawula, ngantos kaping pinten anggen kawula kedah ngapunten? Punapa ngantos kaping pitu?” (ayat21).** Mbok menawi pemanggihipun Petrus ngapunteni ngantos kaping pitu punika sampun sae sanget lan temtu Gusti Yesus bingah, awit wonten prajanjian lami mawon nyerat ngapunteni ngantos kaping tiga. Ananging Petrus malahan kaget kalian napa ingkang dipunngendikaken dening Gusti Yesus bilih ngapunteni punika ***ping pitungpuluh ping pitu*** (70x7 kali). Temtu wangsulaniipun Petrus mboten wonten napa-napane tinimbang napa ingkang dipunngendikaken dening Gusti Yesus. Lan Gusti Yesus paring piwulang kanthi pasemon abdi ingkang mboten saged ngapuntenipun. Kacarios wonten ratu ingkang karsa etang-etangan kalian abdinipun. Lan nalika etang-etangan wonten setunggal abdi ingkang gadahi utang saleksa talenta (sedasa ewu talenta (10.000)). etang-etanganipun mekaten : 1 talenta punika sami kalian 10.000 dinar. Mila menawi utangipun 10.000 talenta sami mawon kalian 100 yuta dinar. Padahal upah abdi setunggal dinten punika namung 1 dinar. Mila abdi punika saged nglunasi utangipun menawi nyambut damel ngantos 100 yuta dinten dateng ratunipun utawi kirang langkung 273 tahun. Tegesipun abdi punika mboten saged nglunasi utang punika. Badhe nyade punapa kemawon ingkang dipungadahi nggih mboten saged, nyade semah (istri) lan putranipun nggih tetep mboten cekap. Mila paukumanipun abdi punika kalian semah lan putranipun dipunkunjara. Mireng paukuman saking ratu, lajeng abdi punika sujud wonten ngarsanipun ratu nyuwun welas ashipun sang ratu. Lan sang ratu trenyuh dateng abdinipun, lajeng utangipun dililakaken. Punika kanugrahan ageng ingkang dipuntampi dening abdi. Katresnanipun sang ratu punika saestu ageng dateng abdinipun. Lajeng saksampunipun abdi punika medal saking ruang pengadilan, piyambakipun pinanggihan kalian abdi ingkang sanes ingkang gadahi utang dateng piyambakipun, jumlahipun namung 100 dinar. Temtu langkung ageng jumlah abdi dateng ratu tinimbang utang kancanipun dateng piyambakipun.

Ananging, kanugrahan ingkang dipuntampi abdi punika saking ratunipun, mboten dadosaken abdi punika ugi gadahi welas asih dateng kancanipun ingkang gadahi utang dateng piyambakipun. Piyambakipun meksa kancanipun nglunasi utangipun. Lan nalika kancanipun sujud lan nyuwun welas ashipun abdi punika, abdi punika mboten preduli malahan ngantos ditekak gulune. Ratu mireng bab napa ingkang dipuntindakaken abdinipun dateng kancanipun. Punika saestu ndadosaken duka sang ratu, lan ratu punika masrahaken abdinipun dateng algojo wonten ing pakunjaran ngantos utangipun lunas.

Pasamuwan ingkang kinasih,

Sang ratu punika gambaran Gusti Yesus lan abdi punika kita manungsa. Kita sedaya punika sampun nampi kanugrahan saking Gusti nggih punika Gusti sampun ngapunteni sedaya dosa lan kalepatan kita. Punika wujud katresnanipun Gusti Allah. Ananging kasunyatanipun nalika kita sampun ngraosaken katresnanipun Gusti lan nampi kanugrahanipun, nalika wonten tiyang sanes ingkang gadahi kalepatan dateng kita, kita mboten saged nindakaken kados napa ingkang Sang Ratu tindakaken dateng gesang kita. Angel anggenipun kita ngapunnteni. Mila ingkang kedah kita sinau :

### 1. Legawa anggenipun ngapunteni tiyang sanes

Nampi kanthi ikhlas, rila napa ingkang dipuntindakaken tiyang sanes dateng kita ingkang ndamel tatu wonten ing manah, mboten sah dieling-eling, lan mboten mbales. Punika legawa! Manah kita ayem, tiyang sanes nggih bingah. Inggang dipunemut bab ingkang sae-sae mawon, ingkang awon pun dilalike mawon. Kados Gusti Yesus ingkang mboten nate ngemut napa ingkang dados kalepatan kita. Ngapunteni punika ‘membebaskan’ tiyang sanes ugi diri kita piyambak.

### 2. Ngapunteni punika tan winates

Punika ingkang asring dados pitakenan kita ugi, ngantos kaping pinten anggenipun kita ngapunteni tiyang sanes? TAN WINATES. Menawi katresnan lan sabar punika wonten batesanipun tegesipun punika sanes tresna lan dereng sabar. Mboten ateges kita punika lemah, gampang, ananging punika wujud welas asih ingkang dipunngendikaken Gusti Yesus. Gusti anggenipun nresnani lan ngapunteni kita mawon tan winates kok.

Punika ingkang kedah lampahi wonten ing gesang kita. Mangga kanthi legawa ngapunteni tiyang sanes lan ngapunteni punika tan winates. *“Menawi tiyang sanes ndamel tatu wonten ing manah kita, mangga dipunserat wonten ing wedhi, ananging menawi tiyang sanes nindakaken kabecikan mangga dipunserat wonten ing sela”*. Gusti mberkahi. Amin.

## **Wekdal Ening**

### **Pandong Syafaat (P1)**

- \* Sedaya umat saged nglampahi sabdanipun Gusti
- \* Sedaya umat kaparingan kasarasan jasmani lan rohani
- \* Bangsa lan Negari
- \* Tim Medis
- \* Pasien Covid-19 lan brayat pasien Covid-19
- \* Donga Rama Kawula

### **Pangaken Pitados (P2) (jumeneng)**

#### **Kidung Pangutusan**

##### **KPJ 370:1 TRESNA MRING SESAMI**

1. Tresna mring sesami kang trusing manah,

wit salir sesami citreng Allah;

yeku wujud ira tresna mring negari,

ngabuh i mring bangsa, mrih lestari.

#### **Berkat**

P1 :Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kula sedaya) lan ngayomi panjenengan (kula sedaya).  
Pangeran Yehuwah nyunarken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi sih rahmat.  
Pangeran Yehuwah karsa nungkulaken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi tentrem rahayu. Amin

#### **Kidung Panutup**

## **KPJ 370:2 TRESNA MRING SESAMI**

2. Tresna mring sesami tan mawang tiyang;  
nulad sihing Gusti murbeng gesang.

Ngudi dhemokrasi klayan trusing ati,

bedaning asanes denaosi.